# БАСЛАЎЫШ КЛАСС, МЕКТЕПКЕ ШЕКЕМГИ ТӘРБИЯ

## ANA TILI HÁM OQÍW SABAQLARÍN BASQA PÁNLER MENEN INTEGRACIYALAP OQÍTÍWDÍŃ ÁHMIYETI

***Jumabaeva M.P.***
*Ájiniyaz atındaģı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*
*Baslawısh tálim fakulteti*

**Tayanch so'zlar:** integratsiya, bilim, malaka, qobiliyat, matn, frazeologiya, adabiy uslub.
**Ключевые слова:** интеграция, знание, навык, способность, текст, фразеология, литературный стиль.
**Key words:** integration, knowledge, skill, ability, text, phraseology, literary style.

Ana tili hám oqıw sabaqların basqa pánler menen integraciyalaw oqıwshılardıń kórkem súwretlew qurallarına tiyisli bilim, kónlikpe hám uqıplılıqlarınan ana tili sabaqlarında paydalanıw, usılarǵa tayanǵan halda kórkem teksttiń til ózgesheliklerin, sol arqalı jaslardıń sóylew uqıplılıǵına tiyisli bilimlerin arttırıw, kórkem dóretiwshilikke tásir etiw, sonıń menen birge, ana tili sabaqlarında ayırım kórkem ádebiy túsiniklerge anıqlıq kirgiziw, bilimlerdi keńeytiw hám tereńlestiriwdi kózde tutadı. Mısalı, joqarı klass ádebiyat sabaǵında teńew haqqında  sóz etetuǵın bolsaq, bul túsiniktiń mánisin ashıwǵa itibar qaratıladı. Ana tili hám oqıw sabaqlarında teńew wazıypasında qollanılatuǵın sózlerdiń formalarına, gáplerdiń qurılısına izbe-izlik tiykarında keńlew toqtalıw múmkin. Bul tárepten ana tili hám oqıw sawatlılıǵı sabaqlarında bir qatar pikirler baqlanadı.

Ana tili hám oqıw sabaqlarında sóz túrleri ham formaları ústinde jumıs alıp barıw kerek ekenligi máselesin sheshiw ushın tómendegi mashqalalardı anıqlap alıw zárúrligi payda boldı:

1) baslawısh klaslardıń 1-3-klass «Ana tili hám oqıw sawatlılıǵı» hám 4-klass «Oqıw китабы» sabaqlıqlarına qaray neler úyreniliwi;

2) baslawısh klass «Ana tili» «Oqıw kitabı» sabaqlıǵı hám sabaqlıq-komplekslerinde berilip atırǵan teoriyalıq maǵlıwmatlarda sóz túrleriniń qanshelli dárejede sáwlelengenligi;

3) sabaqlıq hám sabaqlıq-komplekslerinde shıǵarmalar tiykarında keltirilgen soraw hám tapsırmalar arqalı qalay bekkemlenip atırǵanlıǵı.

Tómende keltirilgen máselelerdiń ayırımların kórip shıǵamız:

1. Oqıwshılardıń baslawısh klastan, tiykarınan, 3-klastan baslap kórkem súwretlew quralları haqqında nelerdi biliwi kerek ekenligi, 1-3- класс «Ana tili hám oqıw sawatlılıǵı» hám 4- класс «Ana tili» hám «Oqıw kitabı» sabaqlıqlarında qanday dárejede úyrenilip atırǵanlıǵına baylanıslı. Bul úzliksiz tálimdi jolǵa qoyıw shártlerinen biri bolıp tabıladı. Dáslep, baslawısh klass MBS hám Milliy oqıw dástúri talapları hám 3-4-klass «Ana tili hám oqıw sawatlılıǵı» sabaqlıqlarındaǵı kórkem ádebiy materiallarǵa tiyisli soraw hám tapsırmalardı analiz etip shıǵamız.

Sonı da aytıp ótiw zárúrli, oqıwshılardı kórkem súwretlew quralларına úyretip barıw tek baslawısh klastıń joqarı (3-4-klass) klaslarında emes, al 1-klass oqıw baǵdarlamasında berilgen tekst araqlı júritiletuǵın sorawlardı talqılap kóretuǵın bolsaq, sózlerdi morfologiyalıq jaqtan analiz etiwge baylanıslı taspırmalar berilgenligin kóriwimizge boladı. Mısalı: 1-klass «Ana tili hám oqıw sawatlılıǵı» sabaqlıǵınıń II bólim 86-bette keltirilgen 2-tapsırmada: «Berilgen tekstti oqıp Qanday? degen sorawǵa juwap beretuǵın sózlerdi aytıp beriń» túrindegi tapsırma berilgen. Bunday tapsırmalar arqalı oqıwshılar, dáslep, ápiwayı sózler arqalı sóz shaqapların, soń ápiwayı sózlerdiń kórkem súwretlengenligin tekstlerdi analiz etiw barısında tereń úyrenip alıwı múmkin.

Sonıń menen bir qatarda 2-klass «Ana tili hám oqıw sawatlılıǵı» sabaqlıǵınıń I bóliminde berilgen tekstlerdiń kópshiligi ádebiy stilge emes, al ilimiy stilge tiyisli tekstler ekenligin kóriwimiz múmkin.

Mámleketlik bilimlendiriw standartınıń [1] «Oqıw hám sóylewdi ósiriw» bóliminde «Tekst ústinde islew»ge tiyisli 3-4-klass tálim mazmunında kórkem súwretlew quralları haqqında tómendegiler belgilengen: 3-klass: «… súwretlew qurallardı tekstte qollanıwın biliw; naqıl hám sóz dizbeklerinde sózlerdi tuwrı tańlay alıw…» (57-bet). 4-klass: «Kórkem teksttegi sóz mánislerin parıqlaw. Tańlap oqıw, teksten shıǵarma qaharmanları, tábiyat kórinisin ańlatıw ushın zárúr bolǵan sóz hám sóz dizbeklerin taba alıw» (62-bet).

«Oqıw hám sóylewin ósiriw» oqıw dástúriniń [1] 3-klass bóleginde tómendegi talap qoyıladı: «3-klasta… Teksttiń kórkem ózgesheliklerin, súwretlew qurallardı anıqlaw ústinde islew dawam ettiriledi» (68-bet).

Bunnan belgili bolǵanınday, «Oqıw hám sóylewin ósiriw» Mámleketlik bilimlendiriw standartı hám oqıw dástúrinde teksttiń kórkem ózgesheliklerin, súwretlew qurallarıń anıqlaw, súwretlew qurallardıń qollanıwın biliwge tiyisli zárúrli talaplar bar.

Sonnan belgili bolǵanınday, oqıw dástúrinde kórkem súwretlew qurallarınan ayırımları (mısalı, epitet, metafora) kiritilmegen. Sonıń menen birge, 5-klass baǵdarlamasında baslawısh klaslarda tanıstırılǵan teńew, janlandırıw túsinikleri hátte tákirarlawǵa tiyisli material retinde de sáwlelendirilmegen.

Baǵdarlamada belgilengen bul bilimler tiykarında ana tili hám oqıw sawatlılıǵı sabaqlarınıń basqa pán sabaqları menen integraciyalanıwı kóp tárepten «Ana tili hám oqıw sawatlılıǵı» sabaqlıǵı hám sabaqlıq-komplekslerinde beriletuǵın teoriyalıq maǵlıwmatlarǵa hám sol bilimler tiykarında ámelge asırılatuǵın analiz jumıslarına baylanıslı. 4-klaslar ushın «Ana tili» «Oqıw» ushın jaratılǵan sabaqlıq hám sabaqlıq-komplekslerinde jazılǵan metodikalıq qollanbalarda [2] shıǵarmanıń til ózgesheliklerin analiz qılıwda ana tilinen úyrenilgen túsinikler de tilge alınıp, olardıń súwretleytuǵın ańlatpalardaǵı xızmetine toqtalıw zárúr ekenligin aytıp ótken halda oqıtıwshılar itibarın soǵan baǵdarlaydı.

Ana tili hám oqıw sabaqlarında kórkem teksttiń til ózgesheliklerin úyreniwde belgili dárejede sabaqlardaǵı shıǵarma tilin analiz qılıw procesinde iyelenetuǵın bilim, kónlikpe hám uqıplılıqlar beretuǵın múmkinshiliklerden kelip shıǵadı. Bul múmkinshilikler nelerden ibarat ekenligin anıqlaw ushın dáslep olarda baǵdarlamalıq talaplardıń (bilimlerdiń) beriliwin anıqlaw talap etiledi.

4-klass «Oqıw kitabı» sabaqlıq-kompleksinde [4] epitet haqqında teoriyalıq maǵlıwmat berilmeydi, biraq shıǵarmalar arqalı maǵlıwmat beriledi. Bul jerde aytılıwına qaraǵanda, epitet qosıq qatarlarında mánisi tárepinen bir-birine jaqın túsiniklerdi ańlatatuǵın sózlerdi qollanıw arqalı payda etiledi.

Sabaqlıqta awıspalı mánide qollanılǵan sóz haqqında berilgen teoriyalıq maǵlıwmatta kórsetilgenindey, «…frazeologizm sózdi kóshpeli mániste qollanıw yamasa nársege-hádiysege tán sapalardı qanday da bir tárepi menen usılarǵa uqsaytuǵın basqa nárse-hádiyselerge kóshiriw kórkem óneri» [3; 311-b.]. Sózdiń óz mánisinde hám kóshpeli mániste qollanılıwı 3-klass ana tili hám oqıw sawatlılıǵı sabaqlarında turaqlı sózlerdi úyreniw bóliminde shıǵarmalar arqalı analiz etilip úyreniledi. Solay eken, eki oqıw pánin integraciyalaw maqseti menen oqıw sabaqlarında úyreniletuǵın awıspalı mánide qollanılǵan sóz túsinigin sózdi kóshpeli mániste qollanıw tárepine qaray baslawısh klasqa kóshiriw maqsetke muwapıq bolıp tabıladı.

Awıspalı mánide qollanılǵan sóz bir neshe súwretlew quralınıń ulıwma atı: ol metafora, simvol (tımsal yamasa simvol) sıyaqlı túrlerge bólinedi. Sabaqlıqta awıspalı mánide qollanılǵan sózdiń bul túrine ayırım jerlerde anıqlama beriledi. Miynettiń til ózgeshelikleri analiz etilgende, awıspalı mánide qollanılǵan sóz termini emes, bálkim onıń túrleri tilge alınıwı tiyis. Oqıwshılar baslawısh klaslardan-aq tımsallar arqalı simvol menen ámeliy (teoriyalıq baqlawlarsız,

simvol terminin isletpegen halda) tanısatuǵınlıǵın kóriwimizge boladı. Mısalı, túlki, iynelik, qumırsqa sıyaqlı sózler awıspalı mánide qollanılǵan sózdi payda etedi. Bundaǵı túlki – hiylekerliti ańlatatuǵın tımsallar esaplanadı.

Ulıwma, 1-3 klass «Ana tili hám oqıw sawatlılıǵı» hám 4-klass «Ana tili», «Oqıw» sabaqlıǵı hám sabaqlıq-komplekslerinde beriliwine qaray túrleri bir-birinen ajratılmaǵan; tálim mazmunında sın, sinekdoxa, litota túsiniklerine tiyisli teoriyalıq maǵlıwmatlar óz kórinisin tappaǵan. 4-klass «Ana tili» hám «Oqıw» sabaqlıq-kompleksinde [4] baǵdarlamada názerde tutılǵan (epitet, sın, janlandırıw) tiykarında jańa bilimler berilmegen. Sonıń menen birge, baǵdarlama hám sabaqlıqlarda sáwlelengen tálim mazmunına qaray «Ana tili hám oqıw sawatlılıǵı», «Ana tili» hám «Oqıw kitabı» páni menen sáykes túrde integraciyalanbaǵan.

4-klass «Oqıw» sabaqlıǵında [4] «Altın gúz» (X.Seytov) temasında gúz máwsimin hár túrli kórinisler, belgiler menen súwretlegen.

Altın gúzde aralasam el baǵın,
Kewilimde kúlim qaǵar nur, saǵım,
Jer baylıǵın tárezige tartqan gúz –
Hár máwsimnen awır seniń salmaǵıń.

Shıǵarma sheńberinde berilgen sorawda: Ne ushın bul máwsim altın gúz dep ataladı? Kórinistegi sorawlar berilgen.

Keyingi temalardan birinde J.Aymurzaevtiń «Gúz» atamasındaǵı gúrrińinde de kórkem súwretlew qurallarınan teńew, epitetti ushıratıwımız múmkin. Biraq bul kórkem súwretlew quralları haqqında oqıwshılarǵa teoriyalıq bilim hám túsinikler berilmegen. «Qızıl suwdan keyingi **seńdey**», «Tandırdan shıqqan **tútindey**», «Qanatın jayǵan **búrkit tárizli**» - teńew xızmetinde kelgen sóz dizbekleri hám «**Qabaǵın úygen** qara bult» - epitet xızmetinde kelgen sóz dizbegi sıpatında qarasaq boladı.

4-klastıń oqıw sabaqlıǵında T.Qabulovtıń «Ustazlar» haqqında qosıǵı berilgen. Bul qosıq qatarların oqıw arqalı kórkem súwretlew qurallarınan *metafora* hám teńew qollanılǵanlıǵın kóriwimiz múmkin. Sebebi, ustazlardı tikkeley túrde teńew hám teńewdiń –day, -dey qosımtaları arqalı paydalanǵan. Bunda:

«Qanatlı **qosıq** hám **jırsız**, ustazlar»,
«Ájayıp dúnyasız, **dúrsiz**, ustazlar»,
«Júrekke quyılǵan **nursız**, ustazlar»,
«Qatarda jawınger **narsız**, ustazlar»,
«Sálem, ustazlar! Siz, **áskersiz** qıraǵı» ─ metafora;

«Sulıw diydarıńız báhár **tańınday, jalınday, tolqınlarınday, búlbúldey, quyashtay, juldızday**» ─ teńew.

4-klass «Oqıw» sabaqlıǵın úyrenip shıǵar ekenbiz, oqıwshılarǵa berilgen tapsırmalardıń basım kópshiligi qosıqtı tásirli oqıw hám yadlap keliwge baylanıslı, al shıǵarma boyınsha berilgen tapsırmalarda mazmunın aytıp beriw boyınsha tapsırmalar berilgen.

Bunnan kóriwimizge boladı, sabaqlıqtaǵı soraw hám tapsırmalarda jańalarınan tısqarı, teoriyalıq maǵlıwmat arqalı úyrenilmegen túsinikler de (sın, shaxstıń sıpatları, obrazlı ańlatpa, poeziyalıq awıspalı mánide qollanılǵan sóz, názik ushırma) qollanılǵan. Ayırımları kóbirek, ayırımları az qollanǵan.

Ulıwma alǵanda, úshinshi hám tórtinshi klaslarda berilgen soraw hám tapsırmalarda janlandırıw, sın, bórttirip aytılǵan gáp atamaları qatnastırılmaǵan. Sabaqlıqlarda úyrenilgen temanı bekkemlew maqsetinde onı eslew, wazıypasın anıqlaw, súwrette iyelegen ornına atama beriw, belgisi bar-joq ekenligin aytıw, shıǵarmadan mısallar tabıw mazmunındaǵı soraw hám tapsırmalardan paydalanılǵan. Joqarı klaslarda bul jumıslar jazıwshı hám shayırdıń kórkem uqıbı menen de baylanısqan.

1-3 klass «Ana tili hám oqıw sawatlılıǵı» hám 4-klass «Ana tili», «Oqıw kitabı» sabaqlıǵı hám sabaqlıq-komplekslerinde anıq klassifikaciyalıq maǵlıwmatlar bolmaǵanı ushın tiyisli túsiniklerdi hár túrli ataw, qarastırıw, baǵdarlamadan shetke shıǵıw sıyaqlı jaǵdaylarǵa jol qoyılǵan. Sol sebepli máselege anıqlıq kirgiziw talap etiledi.

**Ádebiyatlar:**

1. Uzviylashtirilgan Davlat ta'lim standarti va o'quv dasturi. Ona tili, O'qish, Matematika, Atrofimizdagi olam, Tabiatshunoslik (1-4-sinflar). –Toshkent: 2010.

2. Yo'ldoshev Q. Adabiy saboqlar: Umumta'lim maktablarining 7-sinf "Adabiyot" darsligi uchun metodik qo'llanma. – T.: Bilim, 2003, – 144 b.

3. Эгамбердиева Ф.О. Адабий таълимга илғор педагогик технологияларни татбиқ этиш методикаси: Пед.фан.ном. ... дисс. – Тошкент, 2005. – 146 б.

4. Berdimuratov E., Pirniyazov J., Allanazarov Q., Uspanova J. Oqıw kitabı.(4-klass ushın sabaqlıq).– Nókis: «Qaraqalpaqstan», 2020.

**РЕЗЮМЕ**

Maqolada boshlang'ich sinf Ona tili va o'qish darslarini boshqa fanlar bilan o'zaro integratsiyasining bugungi holati, o'quvchilarning Ona tili va o 'qish darslariga doir bilim, malaka va ko'nikmalarinidan Ona tili darslarida foydalanish yo'llari ko 'rsatilgan.

**РЕЗЮМЕ**

В статье рассматривается сегодняшнее состояние взаимной интеграции уроков Родного языка и чтения в начальной школе с другими предметами, пути использования соответствующих знаний, умений и навыков учащихся на уроках Родного языка.

**SUMMARY**

The article deals with the current state of mutual integration of the lessons Native Language (mother tongue) and reading in primary school with other subjects, ways of using the corresponding knowledge, skills and abilities of students in the classes of Native Language (mother tongue).